



Pou Piblikasyon Imedya: 26/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK MAJISTRA ADAMS ANONSE KONSTRIKSYON PRAL
KÒMANSE NAN DEVLOPMAN LOJMAN POU ITILIZASYON MIKS KI KOUTE 100
MILYON DOLA NAN QUEENS**

Pandan premye faz la Edgemere Commons pral founi 194 lojman abòdab, sa gen ladan 59 ki gen sèvis sipò ak 23,000 pye kare espas komèsyal nan premye etaj la

Devlopman ansyen sit lopital la nan Far Rockaway pral finalman kreye plis pase 2,000 apatman ki gen revni miks, enstalasyon medikal ak espas piblik

Fè pati nouvo plan lojman konplè, 25 milya dola, sou senkan Gouvènè a

Gouvènè Kathy Hochul ak Majistra Adams te anonse jodi a kòmansman konstriksyon yon devlopman lojman nan pri abòdab epi ki bay sipò ki koute 100 milyon dola nan Far Rockaway, Queens. Bilding 17 etaj ki gen 194 apatman an se premye faz yon reyamenajman prensipal ki gen 11 faz nan ansyen sit Peninsula Hospital Center a. Edgemere Commons se yon kominote pou itilizasyon miks ki pral evantyèlman ofri 2,000 lojman abòdab, espas komèsyal, kominotè, sant medikal ak espas piblik anplennè.

"Edgemere Commons se yon devlopman transfòmateur ki pral amelyore lavi rezidan yo ak ranfòse tout kominote Far Rockaway la pou plizyè deseni alavni", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan envesti nan devlopman pou itilizasyon miks ki koute 100 milyon dola sa, n ap kreye lojman gwo kalite, sèvis medikal, aktivite komèsyal ak espas piblik ki re-enèjize katye yo ak konstwi yon kominote ki pi enklizif, sekirite ak dinamik pou tout moun".

Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare, "Pwojè sa reprezante yon envestisman endispensab ak yon nouvo resous enpòtan pou yon kominote ki merite li. Avèk non sèlman lojman abòdab men tou espas piblik ak komèsyal tou, n ap tire pi bon pwofi tè sa ak pote sekirite, pwosperite ak bon sante pou plizyè santèn Nouyòkè".

Edgemere Commons fè pati gwo plan Gouvènè Hochul pou rann lojman pi abòdab, ekitab ak estab. Gouvènè a te entwodui epi garanti ak siksè, nan Bidjè Eta ki fèk adopte a, yon nouvo plan lojman konplè ki koute 25 milya dola, sou senk ane, ki pral ogmante rezèv lojman nan kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York ki gen

ladan 10,000 ak sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo., plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Devlopman prensipal 11 faz la se rezilta yon dekoupaj teritwa sou gwo echèl nan ansyen Peninsula Hospital Center. Yon fwa li fini, Edgemere Commons pral gen ladan 2,050 apatman abòdab ak pou moun revni mwayen, espas ouvri aksesib pou piblik, nouvo sant medikal, magazen vant an detay nan premye etaj ak pakin.

Nouvo devlopman an travay an konsè avèk objektif Plan Kominotè Rezilyan Edgemere Vil New York la, ki kreye estrikti pou envèstisman Vil la kontinye nan kominote Edgemere pou ane k ap vini yo. Devlope atravè kontribisyon kominote a, plan an konbine efò rekiperasyon vil la nan siklòn Sandy ak yon vizyon alontèm pou yon pi bon kalite lavi pou rezidan Edgemere yo.

Premye bilding lan pral gen ladan 194 apatman abòdab, 23,000 pye kare espas komèsyal nan premye etaj la ak 24,000 pye kare pakin pou rezidan yo. Espas komèsyal la ta dwe gen ladan yon makèt, ke manm kominote a te idantifye kòm yon bezwen ijan pandan peryòd opinyon piblik pwosesis planifikasyon an.

Devlopman an pral rezève 29 apatman pou adilt ki gen andikap devlopmanal ki pral jwenn aksè nan sèvis sipò lojman sou plas ke Block Institute bay.

Yo pral rezève 30 apatman adisyonèl pou adilt ki sanzabri yo. Rezidan sa yo pral gen aksè ak sibvansyon lwaye ak sèvis sipò atravè prim yon Inisyativ Lojman Sipò Empire State ke Biwo Sante Mantal Eta New York ap administre. Founisè sèvis la se WellLife Network.

Ekipman rezidansyèl yo pral genyen ladan yo yon sal kominotè, yon sal rekreyasyon, depo pou bisiklèt, espas pou lave, yon teras sou do kay ak yon espas aktivite anplennè.

Bilding lan fèt pou satisfè estanda ki wo pou efikasite enèji epi li pral pouswiv sètifikasyon LEED Gold. Karakteristik enèji efikas yo enkli pano solè, ekleraj Energy Star, ak aparèy Energy Star tankou frijidè, machin alave, fanatik twalèt ak machin pou lesiv. Devlopman prensipal Edgemere Commons lan pral enkòpore tou mezi rezistans pou pwoteje Far Rockaway kont evènman tanpèt alavni.

Ekip devlopman pou premye bilding nan Edgemere Commons gen ladan The Arker Companies ak Slate Property Group.

Finansman Eta a pou premye faz la gen ladan 14.7 milyon dola nan obligasyon pèmanan ki gen egzansyon fiskal ak Kredi Fiskal Federal pou Revni Ba ki pral jenere 47.7 milyon dola fon pwòp apati Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la bay kredi fiskal pou pwogram netwayaj Sit Endistriyèl ki P ap Itilize ki te jenere 5.6 milyon dola nan ekite.

Biwo pou Moun ki Gen Andikap Devlopman Eta New York la ap bay 5 milyon dola kòm sipò. OMH pral bay 750,000 dola chak ane pou sibvansyon 30 inite sipò atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State, ansanm ak 258,000 dola chak ane nan depans inisyativ Sibvansyon Devlopman Pwogram lan.

Sit la te patisipe nan Pwogram Netwayaj Sit Endistriyèl ki P ap Itilize reyisi Depatman Konsèvasyon Anviwònman la epi te vin elijib pou kredi fiskal lè pwojè a fini. Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman nan Vil New York la ap bay 22.7 milyon dola nan sibvansyon.

Nan bidjè eta 2022-23 a, Gouvènè Hochul te pwolonje ak elaji [Pwogram Netwayaj Sit Endistriyèl ki P ap Itilize](#) (Brownfield Cleanup Program, BCP) pwospè Eta New York la, ki te etabli pou ekspire nan desanm 2022. Pwogram lan otorize ankò pou 10 ane. Bidjè a amelyore pwogram lan nan ankouraje netwayaj nan kominote defavorize yo. Anplis de sa, pwogram lan reyafime angajman Gouvènè Hochul pou devlopman lojman abòdab nan elaji inivè pwogram lojman abòdab yo pou kredi fiskal sou pwopriyete BCP, sa ki bay benefis vital pou ankouraje reyamenajman teren endistriyèl ki p ap itilize yo pou tounen lojman abòdab endispansab. Mete sou sa, BCP kounye a ankouraje devlopman kèk sit enstalasyon enèji renouvlab, avèk nouvo kredi fiskal, pou ede konsantre sou reyamanajman ki oryante vè BCP epi satisfè objektif klimatik anbisye Eta a yo.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo, te deklare, "Edgemere Commons pral chanje jwèt la pou kominote Far Rockaway nan ogmante apwovizyonman lojman, sa ki jenere nouvo aktivite ekonomik ak amelyore kalite lavi pou tout moun ki rele katye sa lakay yo. Yon fwa li fini, Edgemere Commons pral ofri plizyè milye apatman modèn pou fanmi ak granmoun aje, kay sipò entegre, enstalasyon kominotè ak espas piblik ouvè. Envestisman Eta a nan faz inisyativ 100 milyon dola a se yon premye etap enteresan ki pral bay 194 kay abòdab, ki gen ladan 59 ak sèvis sipò pou granmoun ki bezwen asistans pou viv poukont yo. Felisite pou tout patnè nou yo dèske yo fè devlopman sa tounen yon reyalyte".

Komisè Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopman la, Kerry Neifeld, te deklare, "OPWDD fyè dèske li fè pati pwojè plizyè faz sa a ki pral bay 29 nouvo opòtinite nan kominote a pou moun ki gen andikap devlopman pou pouswiv endepandans yo pandan y ap ba yo bon nivo sipò sou plas nan Block Institute la pou ede yo reyisi. Inisyativ lojman inovatè yo, tankou Edgemere Commons, bay moun nou sipòte yo posiblite san fen pou yo viv epi patisipe nan katye yo, epi nou bat bravo pou Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li pou asire moun ki gen andikap devlopman yo byen sipòte pou yo viv avèk respè ak diyite nan kominote yo".

Komisè Biwo Sante Mantal la, Doktè Ann Sullivan, te deklare, "Edgemere Commons pral bay bèl kay pou pèmèt moun ki vilnerab yo ak fanmi yo viv avèk siksè nan kominote yo pandan y ap resevwa sèvis yo bezwen yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li se yon gwo defansè pou elaji rezo lojman sipò nou atravè eta a. Plan lojman li pral kreye oswa prezève 10,000 inite lojman sipò, bay plizyè moun k ap viv avèk maladi mantal yo opòtinite pou yo viv nan yon lojman sekirite ak estab".

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "Sipòte pa sipò Gouvènè Hochul pou Pwogram Netwayaj Sit Endistriyèl ki P ap Itilize a nan Bidjè Eta 2022-23, Eta New York ap kontinye respekte angajman li pou transfòme plizyè santèn pwopriyete ki pa itilize, ki abandone, epi ki detwi nan espas pwodiktif ki benefisye kominote ki antoure yo. Avèk Pwogram Netwayaj Sit Endistriyèl ki P ap Itilize DEC ki gen siksè a ak lòt finansman ki soti nan men patnè eta ak federal yo, ansyen Edgemere Commons nan Queens la pral sèvi yon objektif itil, bay kay ak espas komèsyal ki abòdab ki pral benefisye jenerasyon k ap vini yo."

Komisè Depatman Prezèvasyon ak Konstriksyon Lojman Vil New York la, Adolfo Carrión Jr., te deklare, "Inogirasyon devlopman Edgemere Commons reprezante sa ki an rezèv pou lavni kominote bò lanmè sa a: plis lojman abòdab, plis resous kominotè, plis opsyon makèt ak manje, plis travay, e sa ki pi enpòtan, plis preparasyon pou ogmantasyon nivo lanmè ak gwo tanpèt tankou siklòn Sandy. Plan Kominotè Rezilyan Edgemere HPD a ap pote plizyè milyon dola nan envestisman ki planifye pou non sèlman rekonstwi, men pou re-anvizaje sa kominote sa a ka tounen. Atravè pwojè tankou Edgemere Commons - epi avèk èd patnè nou yo nan gouvènman Eta New York, Arker Companies, Slate Property Group, ak Block Institute - n ap fè rev sa a tounen yon reyalite pou moun ki rele Edgemere lakay yo".

Direktè Lojman Vil New York la, Jessica Katz, te deklare, "Sa a se yon pwojè enkwayab nan efò nou pou nou atake mank lojman vil la. Edgemere Commons pral byento se kay pou plis pase 2,000 nouvo inite abòdab pou Nouyòkè yo nan yon kominote ki fè fas ak yon bezwen lojman enpòtan. Non sèlman sa a se yon gwo envestisman nan lojman, men Edgemere Commons reprezante kalite pwojè devlopman kominotè global k ap ede nou bay tout Nouyòkè ekipman, travay ak resous yo merite genyen lokalman. Kit se yon nouvo makèt oswa yon kominote oswa espas piblik ki anplis kay bon jan kalite, yon pwojè alafwa, n ap konstwi yon Vil New York ki pi ekitab ak abòdab pou tout vwazen nou yo."

Direktè Depatman Planifikasyon Vil la, Dan Garodnick, te deklare, "Avèk lojman abòdab, yon makèt ak espas piblik, Edgemere Commons montre kijan planifikasyon entelijan ka reyalize plizyè objektif alafwa. DCP fyè dèske li te ede fè avanse devlopman rezilyan sa epi nou pa ka tann jou li pral envite fiti rezidan yo pou vini nan nouvo kay yo".

Senatè Eta Joseph P. Addabbo Jr. te deklare, "Pwojè sa ke yo t ap tann depi lontan ap kòmanse epi li pral yon gwo benefis pou Edgemere ak kominote ki alantou yo. Premye faz pwojè Edgemere Commons lan pral pote prèske 200 apatman abòdab, espas pou vant an detay ak sèvis sipò ki pral amelyore lavi plizyè santèn rezidan yo. Lè nou kreye sipò pou moun epi koute bezwen yon kominote, nou ka kòmanse leve moun epi ba yo opòtinite yo pa te janm genyen anvan".

Manm Asanble Khaleel Anderson, te deklare, "Mwen pare pou m akeyi nouvo devlopman Edgemere Commons ki pral transfòme ak reyitilize ansyen sit Peninsula Hospital Center a nan yon lòt enstitisyon ankraj kominotè ki pral bay inite pou moun ki sanzabri, adilt ki gen andikap devlopman, ak yon total kolosal 2,050 apatman abòdab ak pou moun ki revni mwayen. Rekonstriksyon Penensil Rockaway la ap kontinye."

Prezidan Minisipalite Queens, Donovan Richards Jr. te deklare, "Inogirasyon premye faz Edgemere Commons reprezante yon etap enpòtan nan efò pataje nou pou kreye yon kominote dirab, rezilyan, epi ki ranpli ak ekipman ki pral pote lojman abòdab ak sipò ki nesèsè anpil epi ki te anreta pou fanmi Rockaway yo. Apre plizyè ane malè ki soti nan fèmti ansyen Peninsula Hospital, Edgemere Commons revolisyone a kounye a nan yon etap pi pre reyalyte a. Avni Edgemere ak tout Penensil Rockaway la ap parèt pi briyan gras ak devlopman Edgemere Commons."

Lidè Majorite Konsèy Vil New York, Selvena N. Brooks-Powers, te deklare, "Antanke yon ansyen anplwaye Peninsula Hospital, mwen rekonèt gwo pèt kominote nou an te rankontre nan absans etablisman an. Konsa, mwen kontan dèske sit la pral abòde yon lòt bezwen enpòtan - aksè nan nouvo lojman abòdab. Edgemere Commons pral ede abòde kriz lojman New York la epi soulaje fado sou fanmi yo. Mwen remèsye ekip devlopman Arker ak Tishman Speyer pou travay yo sou pwojè a jiskaprezan, epi mwen pa ka tann pou m travay avèk yo pou m byen gide ak kontinye eksplòre fason pou abòde bezwen nouvo sante kominote Peninsula nou an k ap grandi".

Dan Moritz, Direktè, The Arker Companies, te deklare, "Nan inogire Edgemere Commons, jodi a nou nan yon pa pi pre reyalyze vizyon kominote sa a te etabli pou yon Edgemere revitalize, youn ke jenerasyon yo pral fyè pou yo rele lakay yo. Soti nan bay lojman abòdab ki nesèsè anpil, pase nan elimine yon dezè manje, rive nan pote travay, espas ouvè, ak detay nan penensil la, kominote sa a pral finalman resevwa investisman li merite pou Edgemere ka pwospere".

David Schwartz, Direktè, State Property Group, te deklare, "Nou fyè pou nou rantre nan kominote Edgemere la epi pou nou kòmanse travay jodi a sou yon pwojè ki pral ede fòme avni briyan katye a. Non sèlman premye faz la pral bay prèske 200 nouvo kay ki sekirite ak abòdab pou popilasyon Edgemere la, li pral pote tou yon nouvo lavi ekonomik nan yon kominote ki t ap tann resous sa yo. Avèk premye bilding sa a, nou nan yon pa pi pre pou nou fè vizyon sa a ke nou te reve depi lontan ki mete vwa kominote a an priyorite".

Scott Barkin, Direktè Egzekitif Block Institute, te deklare, "Pandan apeprè 60 ane, Block Institute te devwe pou devlope pwogram ak sèvis pou sipòte moun ki gen andikap entèlektyèl ak devlopman yo epi nou fyè pou nou fè pati Pwojè transfòmasyon Edgemere Commons lan. Edgemere reprezante sipò kontinyèl nou pou lavi reyimajine ak rêv reyalyze epi kontinye kwasans nou nan patisipasyon ak devlopman kominote a. Travay nou chita sou misyon, li siyifikatif epi gratifyan anpil".

Sherry Tucker, Direktè Egzekitif Jeneral WellLife Network, te deklare, "Lojman ki sekirite ak bon mache nan Vil New York se yon defi pou tout Nouyòkè yo. Li menm pi difisil toujou pou moun ki fè fas ak yon maladi andikape. Lè nou fè patenarya avèk Arker Companies ak Slate Property Group la, objektif nou se pou ofri anviwònman ki bay sipò, ki an sekirite epi ki ankourajan kote tout lokatè yo santi yon solidarite epi yo fè pati yon pi gwo kominote."

Alan Wiener, Direktè Multifamily Capital nan Wells Fargo, te deklare, "Wells Fargo fyè pou l kontinye relasyon nou genyen depi lontan avèk The Arker Companies pou kreye yon kote ki abòdab ak atreyan pou fanmi yo rele lakay yo. Valè ekip la aliye avèk pa nou yo, epi priyorite nasyonal nou pou ofri solisyon dèt ak ekite pou kreye ak prezève lojman ki nesese anpil nan kominote kote n ap viv ak sèvi yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418